

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Minat jeung sikep téh kaasup kana faktor internal anu aya dina diri manusa. Minat nyaéta rasa resep atawa rasa hayang nyaho hiji jalma kana hiji hal. Éta hal luyu jeung pamanggih Slameto (2003, kc. 180) anu nétélakeun yén minat nyaéta hiji rasa leuwih resep jeung rasa katerikatan kana hiji hal atawa kana hiji kagiatan tanpa aya nu nitah. Sedengkeun sikep nyaéta kacondongan nu aya dina jiwa pikeun ngalakukeun hiji hal atawa tindakan. Éta hal luyu jeung pamanggih Chaer jeung Agustin (2010, kc. 149) anu nétélakeun yén sikep mangrupa fénoména kajiwaan dina wangun laku lampah. Salian éta, nurutkeun Sarwono (2013, kc. 201), sikep nyaéta istilah anu ngagambarkeun rasa resep, teu resep, atawa rasa nétral hiji jalma kana hiji hal. Dina ieu hal, sikep téh bisa némbongkeun sikep positif, négatif, jeung sikep nétral. Sikep positif saupama rasa anu timbul nyaéta rasa resep. Sikep négatif saupama rasa anu timbul nyaéta rasa teu resep. Sedengkeun rasa nétral nyaéta saupama teu timbul rasa nanaon. Jadi, saupama hiji jalma miboga minat kana hiji hal, sikep anu bakal timbul dina dirina ogé pasti sikep positif. Kitu ogé sabalikna, saupama hiji jalma teu miboga minat kana hiji hal, sikep anu bakal timbul ogé pasti sikep negatif.

Unggal jalma miboga minat jeung sikep séwang-séwangan. Kitu deui dina prosés pangajaran, unggal siswa pasti miboga minat jeung sikep anu béda-béda kana diajar. Aya siswa anu miboga minat jeung sikep anu hadé kana diajar, aya ogé anu henteu. Kiwari minat siswa kana diajar basa Sunda téh kurang. Sikep kana diajarna ogé nunjikeun sikep négatif. Ieu hal dibalukarkeun ku ayana anggapan yén pangajaran basa Sunda téh mangrupa pangajaran anu hésé jeung teu dipikaharti. Kamekaran jaman ogé bisa mangaruhan kana minat jeung sikep siswa dina diajar basa Sunda. Éta hal bisa katitén tina cara makéna basa. Loba siswa anu *gengsi* nyarita ngagunakeun basa Sunda, sabab basa Sunda téh dianggap basa anu teu *gaul*. Salian éta, lokasi sakola anu aya di tengah kota jeung lingkungan anu geus modéren ogé bisa mangaruhan kana kurangnya minat jeung sikep siswa kana diajar basa Sunda.

Kurangna minat jeung sikep siswa kana diajar basa Sunda nyampak tina paripolahna nalika prosés pangajaran, misalna siswa hésé diatur, tara merhatikeun guru nalika keur ngajelaskeun, loba heureuy, jeung teu kondusif nalika diajar. Salian éta siswa ogé loba ngalakukeun hal nu sangeunahna ka guru. Teu jarang nalika prosés pangajaran aya sawatara siswa anu saré, sarta loba ogé siswa ti luar Jawa Barat anu teu bisa atawa teu ngarti kana basa Sunda, antukna anu loba nyarita di kelas ngan sawatara siswa anu bisa basa Sunda, anu lianna jadi pasif nalika prosés pangajaran. Sok sanajan kitu, aya ogé sababaraha siswa anu miboga minat jeung sikep anu hadé kana diajar basa Sunda. Katitén nalika prosés pangajaran siswa leuwih onjoy dina nyangkem pangajaran basa Sunda, aktif nalika prosés pangajaran, wani dina nepikeun pamadeganana, sarta teu éra jeung daék ngagunakeun basa Sunda dina komunikasi sapopoé.

Minat jeung sikep téh bisa mangaruhan kana prosés jeung hasil diajar siswa. Éta hal luyu jeung pamanggih Purwanto (2011, kc. 107) anu nétélakeun yén minat jeung sikep téh kaasup kana faktor internal anu aya dina diri manusa anu mangaruhan kana prosés jeung hasil diajar. Jadi, saupama siswa miboga minat jeung sikep anu hadé kana diajar basa Sunda, pasti siswa ogé ngarasa resep kana diajarna, anu antukna prosés pangajaran bisa lumangsung kalayan lancar sarta hasil diajarna ogé bakal ngaronjat.

Nilik kana éta hal, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngabuktikeun jeung mikanyaho aya korélasi anu signifikan atawa henteu antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa.

Panalungtikan ngeunaan minat jeung sikep lain panalungtikan anu munggaran, sabab saméméhna geus aya panalungtikan séjén anu ngayakeun panalungtikan ngeunaan minat jeung sikep, kalawan judul “Patali Antara Minat jeung Sikep Siswa kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Déskriptif Analitik Korélasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” ku Evi Nurmayatini, éta panalungtikan medar minat jeung sikep siswa kana kamampuh undak usuk basa Sunda, panalungtikan ieu ogé sarua baris nalungtik ngeunaan minat jeung sikep, bédana ieu panalungtikan museur kana prosés jeung hasil dina diajar basa Sunda. Kitu deui sampel siswa miboga kasang tukang anu béda, dina panalungtikan saacanna sampelna nyaéta siswa kelas X 9 SMAN 9

Bandung, sedengkeun dina ieu panalungtikan sampelna nyaéta siswa kelas X jeung kelas XI SMA Negeri 1 Cileungsi.

Dumasar kana hal-hal anu kapaluruh di luhur, panalungtikan ngeunaan “Korélasi antara Minat jeung Sikep kana Diajar Basa Sunda Siswa SMA Negeri 1 Cileungsi Taun Ajaran 2017/2018” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Saméméh dirumuskeun, ieu masalah panalungtikan diidentifikasi jadi tilu hal, nyaéta: minat, sikep, jeung diajar basa Sunda. Masalah anu aya patalina jeung minat fokusna kana: resep, kataji, partisipasi, jeung perhatian dumasar kana aspék *kognitif* jeung aspék *afektif*. Masalah nu aya patalina jeung sikep fokusna kana: narima, ngaréspon, ngajénan, jeung tanggung jawab dumasar kana aspék *kognitif*, *afektif*, jeung *konatif*. Sarta masalah anu aya patalina jeung diajar basa Sunda ngawengku prosés diajar jeung hasil diajar. Anapon prosés diajar dina ieu panalungtikan fokusna kana: tujuan pangajaran, bahan pangajaran, kagiatan pangajaran, métode, alat, sumber pangajaran, jeung évaluasi. Sangkan teu lega teuing ambahanana sarta jelas tujuanana, ieu panalungtikan téh dirumuskeun deui dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha minat diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018?
- 2) Kumaha sikep diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018?
- 3) Kumaha diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018?
- 4) Naha aya korélasi anu signifikan antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, nu ditétélakeun di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar saméméhna, tujuan umum ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh naha aya korélasi anu signifikan atawa henteu antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa .

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) minat diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018;
- 2) sikep diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018;
- 3) diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018; jeung
- 4) signifikan henteuna korélasi antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dilaksanakeunana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat, boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré informasi ngeunaan korélasi antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat saperti di handap.

- 1) Pikeun guru, dipiharep bisa jadi pangrojong pikeun ngaronjatkeun kualitas ngajar, sarta bisa méré gambaran naha aya korélasina atawa henteu antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa.

- 2) Pikeun siswa, dipiharep bisa méré pangaweruh, ogé bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina diajar basa Sunda anu antukna bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa séwang-séwangan.
- 3) Pikeun nu maca, dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu maca, hususna ngeunaan korélasional.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu tésis eusina ngawengku lima bab. Dina bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina bab II dipedar ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis, raraga mikir, sarta anggapan dasar jeung hipotésis

Dina bab III eusina ngeunaan desain panalungtikan, populasi, sampel, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data hasil panalungtikan.

Dina bab IV didéskripsikeun hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan pelaksanaan panalungtikan korélasi antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa.

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran, tur ditétélakeun saran tina ieu panalungtikan.